



Jhone M. Ebert, Senior Deputy Commissioner for Education Policy  
Education Building, Room 2M EB (518) 474-3862  
89 Washington Avenue  
Albany, NY 12234  
[jhone.ebert@nysed.gov](mailto:jhone.ebert@nysed.gov)

27 Fewrie 2017

Ci: Saytukati Gox  
Saytukati Daara yuñu dul fay  
Njiiti Dara yuñu dul fay  
Yorkati Daara yuñuy fay ak Daaray Sàrt

Bawoo ci: Jhone M. Ebert, ki tópp ci Komiseer bi

Tomb: Leeral ak rootuway yi jàppandi ngir Xeex Xëkktaal, Boddikonte ak Nootel  
ci Daara yi ci lu Jëm ci ay Jëf yu Bees ci wallu Imigéré yi

Ci ay ayu-bis yu yàggul, bindnañu yu bari ci mejaa yi ci lu jëm ay xeex ci wallu xëkktaal, boddikonte ak nooteel ci daara dëkk bi yepp. Teg ci, amna ay jëff yu bees yu nguur gi def ci wallu imigéré yi ñoongi tital nit ñi ak dileen jaxase ci dëkk bi yepp. Departmanj Njàng bu Etaa bu New York (“NYSED” walla “Departmanj bi”) day mettit lu bepp jëff bu yàkk nekkin ci biir daara yi fi nga xamne suñu ndongo-dara foofu lañuy ñew di jàng bis bu nekk. Ci etaa New York, attekati yi, waajur yi, ak liggeeykat ci daara yi laajnañu Departmanj bi mu yaatal ak dëgaral leeral ak rootuwaay yi am ba noppi ci wallu xeex xëkktaal, boddikonte ak nootel, ak tamit yókk goorgoorlu ci nekkin ci daara yi ci jàmm bawoo ci Tëralin Yóonu Ngoru Ñepp (“DASA” walla “Tëralin Yóonu Ngor”).

Yóonu Tëralin Ngor bu Etaa bu New York ñoongi ko yóonal ci atu 2012 ngir jox ndongo-dara yi dekkin gi leen di jàppale gu amul nooteel, xëkktaal ak boddikonte ci biir daara yi, ci biisu daara yi ak/walla ab jëfin daara, te ñoongi ko soppi ci atu 2013 ñu yokk ci boddikonte ci walla internet.<sup>1</sup> Yóon laajna daara yi ñu jox ndongo-dara yi, waajur yi walla nu li mel, liggeeykat yi ay xibaar ci wallu DASA ak tëral ay yóon ak ay doxalin ngir taxawal ab dekkin ci daara yi bu am kaaràngé. Ci misaal, DASA laajna koñ yi am daara ñu taxawal ay Kotu Doxalin yiy tare xëkktaal, boddikonte (bokkna ci bu internet), ak nootel diggante ndongo-dara yi walla diggante liggeeykat ci daara yi, ak ay matuwaay ngir saafara nooteel ak xëkktaal te ñu xamal wa NYSED jëff yooyu-le.

Niñ ko binndee ci suuf, NYSED, ak Biro Attekat bu Mag bu Etaa bu New York (“OAG”), joxe na ay leeral ak rootuwaay ngir jàppale liggeeykat ci daara yi, ndongo-dara ak waajur yi ngir ñu wax walla saafara xëkktaal, boddikonte ak nootel. Bokk na ci këyitu leeral bu NYSED ak OAG bind ci ut 2016 ab këyitu misaal ngir bind ak def

<sup>1</sup> Ngir yeneen leeral ak rootuwaay ci wallu Tëralin Yóonu Ngor, ñoongi lay ñaan nga yër  
<http://www.p12.nysed.gov/dignityact/>.

lenketu jëffi DASA.<sup>2</sup> Departman bi bëggna yaatal liggey bu am solo boobu ci buñu fàttalee daara yi ak njàboot yi ne amna ay leeral ak ndimbalu xarala ci wallu DASA ak daara yu woor te jàppale ndongo yi yu jàppandi ci Departman bi.

NYSED moongi laaj koñ yi, waajur yi walla ñu leen dénc ñu am ay laaj ci wallu DASA ñu jokkook NYSED ngir am ay leeral wallu ndimbalu xarala ci wallu doxalinu lenket bu baax ak defin yu gën ci taxawal ak toppatoo ab dekkinu daara guy jàppale ndongo yi. Mëneesna jokkook Departman bi ci:

- Biro Jàng ci Ñaari Làkk ak Làkki Aduna bi (OBEWL) ci (718) 722-2445 or [obewl@nysed.gov](mailto:obewl@nysed.gov), or
- Biro Céri Ndimbalu Ndongo-daara yi (SSS) at (518) 486-6090 or [studentsupportservices@nysed.gov](mailto:studentsupportservices@nysed.gov).

Tekk ci, kepp ku am ay laaj ci wallu DASA walla mu soxla ndimbalu làkk mënna jokkook Wootege Waajur yi te doo fay dara bu Mbaalu Làkk Gox ci Rootuwaayu Njàng ci Ñaari Làkk (RBERN), bi nekk ci biir Daara ju Kawe bu New York (“NYU”) ci:

- Bind ay këyitu lenket fii
- Limu wootekaay: (800) 469-8224
- Fax: (212) 995-4199
- M-bataaxal: [nysparenthotline@nyu.edu](mailto:nysparenthotline@nyu.edu)
- Bataaxal: NYS ELL Parent Hotline Team  
c/o NYS Statewide Language RBERN at NYU MetroCenter  
726 Broadway – 5th Floor  
New York, NY 10003

Yeneen nitñi tamit mënnañu laaj ab jëfu koñ bawoo ci Yóonu Njàng §310. Yóonu Njàng §310 neena ñi yaakaar ne dañu leen tooñ ci ab jëf ci ab ndajeeg goxu dara walla bawoo ci njiti dara yi mënnañu laaj Komiseer Njàng yi ngir ab jàngat jëff ju ni mel. Leeral nuñuy binndée ab laaj jàppandina ci Angale, Español, Arab, Sinuwa (Buñu Yombal), Bengali ak Kerewolu Ayti ci: [www.counsel.nysed.gov](http://www.counsel.nysed.gov).

Jàppal ne Departman bi dina dénc bu baax xibaar jagoo yuñ raññee yu ndongo-daara te toppatoo xibaar yi yepp ni ki yoon ak sàrt sutura bëggee, te mu bokk ci Yooni Njàngu Njaboot ak Jëfinu Sutura (“FERPA”).

Departman bi dina jox waajur yi ak ñu leen dénc ak kepp ku mu soxal ay rootuwaay ci DASA, yuñu tekki ci fukki làkk yuñuy gëna làkk ci Etaa New York bi yepp.

Teg ci, NYSED raññeena ay rootuwaay ak ay jumptukaay yu mënna jàppale liggeeykat daara yi, ndongo-daara yi, waajur yi ak mbooloo mi. Ñoongi lay ñaan nga jëfandikoo rootuwaay yooyu fi war, te nga ñew jàppaleñu ci joxe bu baax kaarange ak

---

<sup>2</sup> Mënneesna gis leeral googu ci <http://www.p12.nysed.gov/dignityact/documents/SED-AGLtrandGuidance8-31-16.pdf>.

wergu-yaram xale yepp ci taxawal jumptukaay yooyu ak sa jubluwaay ak soxla mbooloo daara yi.

- Bataaxalu NYSED ak Attékaay bu Màg bu NYS jëm ci Saytukati Gox ak Leeral: <http://www.p12.nysed.gov/dignityact/documents/SED-AGLtrandGuidance8-31-16.pdf>
- Saafara Boddikonte, Xëkkat, Nàppaate ak Nooteel ci suñu daara yi: [http://www.p12.nysed.gov/dignityact/documents/PreventBullyingInYourSchool\\_Nov2016.pdf](http://www.p12.nysed.gov/dignityact/documents/PreventBullyingInYourSchool_Nov2016.pdf)
- Sós ay daju tàggat ngir jàppale goxu daara yi ñu tàggat seen liggeeykat daara yi: [https://ag.ny.gov/sites/default/files/dasa\\_training\\_materials\\_final\\_-\\_8.30.16.pdf](https://ag.ny.gov/sites/default/files/dasa_training_materials_final_-_8.30.16.pdf)
- Jëfiin Ngor ngir Ndongo-daara Yepp bu bokk ci ab “Leeralu Rootuwaay yi ak Defin yuñu Yaakaar ngir Yorkat & Jàngalekat Daara” ak yeneen leeral ak jumptukaay ci nuñuy taxawalee ay daara yu woor te jàppale ndongo yi: <http://www.p12.nysed.gov/dignityact>
- Sàntar bu Etaa bu New York ngir Rootuwaay Lëkkaleeg bu Gaaw bu Kaaràngé Daara ngir Yërmande Njàngale, ak toppatoo dekinu njàng yu woor te sell: <http://www.nyscfss.org/#!quick-links/c13iz>
- Xibaar NYSED ci wallu Tëralinu Saafara Mbir yu Jàmp ak Rootuwaay Wergu-yaram Bopp ngir Daara yi: <http://www.p12.nysed.gov/sss/ssae/schoolsafety/save/>
- Sàntar bu Etaa bu New York ngir Werug Daara yeesalna Xëtu Wergu-yaram Bopp ak Rootuwaay Xelal: <https://www.schoolhealthny.com/site/default.aspx?PageType=3&ModuleInstanceID=190&ViewID=7b97f7ed-8e5e-4120-848f-a8b4987d588f&RenderLoc=0&FlexDataID=108&PageID=126>

Ñoongi lay jaajëfal bu baax ci goorgorlu bi ngay def saa sune ngir jàppale suñu ndongo-daara yi, njàboot yi ak mbooloo yi ci biir Etaa New York bi yepp. Buñu booloo, dinañu mëna def ba suñu ndongo-daara yi ak suñu mbooloom daara yi mëna woor te xamne ñoongi leen di jàppale ci dekinu daara yi. Ñoongi lay ñaan nga jikkook ñun saa sune saa yoo bëggee waxtaan tomb yu am solo yooyu walla seddoo lepp lu la jaaxal ak Biro Céri Ndimbal Ndongo-daara yi ci 518-486-6090, walla [studentsupportservices@nysed.gov](mailto:studentsupportservices@nysed.gov) walla Biro Jàng ci Ñaari Lakk ak Lakk Aduna bi ci 718-722-2445, walla [obewl@nysed.gov](mailto:obewl@nysed.gov).